मैथिली (प्रतिष्ठा)
बी० ए० (H) पार्ट – III

बसंत कुमार
अतिथि शिक्षक

पेपर – V

दिनांक 18.07.2020

प्रकरण – आधुनिक मैथिली साहित्य

20/07/20

दिनांक 11-07-2020 क शेष

आधुनिक भाषामे गद्य निर्माणक काज पहिलबेर फोर्ट विलियम कॉलेज द्वारा भेल।

कलकत्ताक हिन्दू कॉलेजक स्थापनासँ नव सांस्कृतिक जागरणमे ~~नवीनता~~ आयल। ई संस्था भारतीय नवपीढीकेँ विचारमे क्रान्तिक संचार कयलक तथा पाश्चात्य विचारसँ नवपीढीकेँ अवगत करओलक। एहि परिवर्तनक क्रममे मध्यवर्गक उदय भेल। ई मध्यवर्ग नव शिक्षा दिश आकर्षित भेल आ' भारतीय जन-जीवनकेँ ऊपर उठएबाक प्रयासमे प्रयासरत भ' गेलाह। भारतीयक हृदयमे पुनः आत्मविश्वास आ' गौरवक जागृति होमए लागलनि।

मैकाले द्वारा अंग्रेजीमाध्यमसँ नवीन शिक्षाक योजनसँ समस्त देश आन्दोलित भ' गेल। पहिलबेर राजाराममोहन रायक अंग्रेजीक माध्यमसँ नव शिक्षा पद्धतिक समर्थनसँ तथा 1854 ई० क चार्ल्स वुडक शिक्षा नीतिक

द्वारा देशमे विद्यालय आओर विश्व-विद्यालयक स्थापनासँ तथा 1837 ई०मे भारतीय भाषाकेँ सरकारी राजकाजक भाषाक रूपमे स्वीकृति भेटलासँ भारतीय साहित्य पर व्यापक प्रभाव पड़ल।

1860 ई०क पश्चात भारतकेँ यूरोपसँ व्यापक सम्पर्क स्थापित भ' गेल तकर प्रभाव भारतीय जन-जीवन पर पड़लआ इतिहास धारामे एकटा नव मोड़ प्रदान कयलक।

शेष अगिला अंकमे